दिन–मंगलवार दिनांक–01.09.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्य मंत्री सम्राट चौधरी आई पूर्वी चंपारण जिलामे दू सय चौरासी करोड़ टाका सँ बेसीक विभिन्न विकास योजना सभक शिलान्यास आ उद्घाटन कयलनि। एकर संगहि मुख्यमंत्री गांधी मैदानमे बापूधाम महोत्सव–दू हजार छब्बीसक शुभारंभ कयलनि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी महोत्सवक शुभारंभ करैत कहलनि जे केंद्र सरकार राज्यमे राष्ट्रीय नाट्य विद्यालय (एनएसडी)के नव कैंपसक स्थापना के स्वीकृति देलक अछि। ओ प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ केंद्रीय संस्कृति मंत्री गजेंद्र सिंह शेखावतक प्रति आभार व्यक्त कलयनि अछि। मुख्यमंत्री कहलनि जे एनएसडी कैंपस के स्थापना सँ बिहारक युवा कलाकार लोकनिकेँ नाट्य प्रशिक्षण, स्टेजक्राफ्ट, प्रदर्शन कला आ उन्नत शोध करबाक नीक अवसर भेटत। ओ कहलनि जे बिहार सरकार एनएसडी कैंपस लेल उपयुक्त जमीन उपलब्ध कराओत आ भवन निर्माणक स्वीकृत लागति के पचास प्रतिशत वहन करत। मुख्यमंत्री कहलनि जे ई संस्थान बिहारक समृद्ध लोक नाट्य परंपरा आ आधुनिक रंगमंचक मध्य नीक समन्वय स्थापित करबामे महत्वपूर्ण भूमिका निबाहत। एकर संगहि, मुख्यमंत्री चकियाक कोइरगांवा, वैशाहा, कोटवाक जसौली, तुरकौलियाक शंकर सरैया, कल्याणपुरक उत्तरी गवन्द्री, पकड़ी दीक्षित, केसरियाक खिजिरिपुरा, पीपराकोठीक पंडितपुर आ तेतरियामे पंचायत सरकार भवन सभक उद्घाटन सेहो कयलनि।

---

नेपाल मे विनाशकारी बाढ़ि सँ मरऽबला लोक सभक संख्या बढ़ि कऽ नओ सय सतासी भऽ गेल अछि। अधिकारी जनौलनि जे सुरक्षा बल देशक आठ जिला सभ सँ आओर कतेको लहास बरामद कयलक अछि। ओतहि रुकि–रुकि कऽ भऽ रहल वर्षा के कारणे नदी सभक जलस्तरक बढ़ि गेला सँ बाढ़िक स्थिति उत्पन्न भऽ गेल अछि। जाहि सँ बाढ़िक चेतावनी जारी कएल गेल अछि। बचावकर्मी लोकनिकेँ बाढ़िमे फँसल लोक सभक पता लगेबा मे दिक्कत भऽ रहल छन्हि। एखनहुँ चारि हजार लोक लापता छथि, जखनकि लगभग बारह हजार लोक सभकेँ बचाओल जा चुकल अछि।

---

नेपाल मे आयल बाढ़ि आ बिहार मे बढ़ैत नदीक जलस्तर के देखैत पशु आ मत्स्य संसाधन विभाग लोक सभकँ बाढ़िक पानिसँ पकड़ल गेल माछक सेवन नहि करबाक सलाह देलक अछि। विभागक अनुसार, बाढ़िक पानिमे सीवेज, मृत पशु आ आन दूषित पदार्थक संपर्कमे अयला सँ माछ मे जीवाणु, विषाणु आ आन रोगजनक तत्व सभसँ दूषित हेबाक आशंका रहैत अछि।

————————————————

भागलपुरमे गंगा के बढ़ैत जलस्तर आ बाढ़िक पानिसँ कटावक समस्या गंभीर होयत जा रहल अछि। नवगछिया आ सबौर प्रखंडमे कटावक कारणें कतेको घर गंगामे समा गेल अछि। जिलाक कतेको इलाकामे बाढ़िक पानि पसरि गेलासँ लोक सभ के दिक्कत बढ़ि गेल अछि। कटाव सँ नवगछिया प्रखंडक वर्षो पुरान दुर्गा मंदिर गंगामे विलीन भऽ गेल। ओतहि, तिलकामांझी भागलपुर विश्वविद्यालयक प्रभावित इलाका सभमे नोकसान कम करबाक लेल जिला प्रशासनक दिस सँ लगातार काज कयल जा रहल अछि।

————————————————

भारतीय रेलवे पूर्व मध्य रेलवे के समस्तीपुर डिवीजनक एक्कैस स्टेशन पर इलेक्ट्रॉनिक इंटरलॉकिंग के लेल दू सय तैंतीस करोड़ टाकाक स्वीकृति देलक अछि। रेल मंत्रालय कहलक अछि जे ई आधुनिक प्रणाली पूरा डिवीजन मे रेलवे सिग्नल के आधारभूत संरचना के मजगूत करत। ई स्वदेशी स्वचालित रेलगाड़ी सुरक्षा प्रणाली कवच के क्रियान्वयन कँ सुगम बनाओत।

————————————————

केंद्र सरकार बिना कोनहू शुल्क के आयात कयल गेल कच्चा चीनी के प्रसंस्करण आ बिक्री के समय–सीमा मे परिवर्तन कयलक अछि। आयातक लोकनि कँ कच्चा चीनीक निकबाक तिथि सँ बेसी सँ बेसी दू मासक भीतर एकरा उज्जर चीनी मे बदलि कऽ घरेलू बाजार मे बेचब अनिवार्य होयत। एहि सँ पहिने, ई समय–सीमा एकतीस अक्टूबर निर्धारित कयल गेल छल। सरकारक ई निर्णय नवंबर धरि आबऽबला पावनि–तिहार कँ देखैत आयल अछि।

————————————————

केन्द्र सरकार बिहार, राजस्थान आ आंध्र प्रदेशमे तीन नव विशेष एनआईए अदालत गठित कयलक अछि। एहि अदालत सभमे एनआईए सँ संबंधित अपराध सभक सुनवाई

होयत। एहि अपराध सभमे आतंकवाद, राष्ट्रीय सुरक्षा सँ जुड़ल मामिला आ आन गंभीर मामिला सम्मिलित अछि। पटना स्थित जिला आ अतिरिक्त सत्र न्यायाधीश छब्बीस के अदालतकेँ एनआईए मामिलाक लेल विशेष न्यायालय संख्या दू के रूप मे नामित कयल गेल अछि। ई न्यायालय मात्र एनआईए द्वारा जाँच कयल गेल अपराध सभ के मोकदमा के सुनवाई करत आ एकर अधिकार क्षेत्र पूरा बिहार होयत।

———————————————————

उत्पाद विभागक टीम मधुबनी जिलाक नगर थाना क्षेत्र आ बेनीपट्टी थाना क्षेत्रमे अवैध शराब तस्कर सभक विरूद्ध कार्रवाई करैत तीन सय साठि लीटर नेपाली शराब आ तस्करीमे प्रयोग कएल जा रहल चारि वाहन सहित सात तस्कर सभकेँ गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————

समाप्त